635
635 S Hargana f 0.25
TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

WAWATJAN
DJOEAG TATI

KARANGAN

BAPA MAMI

PNRI 6p Balai Pustaka

UITGAVE VAN DE
COMMISSIE VOOR DE
VOLKSLECTUUR
KALOEARAN
BALE POESTAKA

MICRO. UITV.
Het auteursrecht voorbehouden ingevolge artikel 11 v/d wet in Stbl. 1912 No. 600.

Hak noe ngarang disengkër noeroetkeun artikël 11 tina wet, kaoeni dina Staatsblad 1912 No. 600.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
Balai Pustaka

S

Ss

Roman modern

Serie No. 635

DJAWATAN PENDIDIKAN MASJARAKAT PERPUSTAKAAN

WAWATJAN
DJOEAG TATI

KARANGAN

BAPA MAMI

Het auteursrecht voorbehouden ingevolge artikel 11 van de Wet in Staatsblad 1912 No. 600.

Hakna noe ngarang disengker noeroetkeun artikel 11 tina Wet, noe kaoeni dina Staatsblad 1912 No. 600.

Noekil tina basa Kawi,
„tati" teh „manis" hartosna
koe panédjaan oemambon,
nadjan gendingan padesan,
tégar titisanana,
anoe ngilo noe ngaroengoe,
karoengroengan mamanisna.

KALOEARAN
BALE POESTAKA

DRUKKERIJ VOLKSLECTUUR — WELTEVREDEN 1923

6p

DANGDANGGOELA.

1. Samemehna nëda pangaksami,
tinemantaka midamël karangan,
djabi ti kangge loeloetjon,
kalihna noe dimaksoed,
malah-mandar djadi pangeling,
pangilang manah sasar,
angkoeh langsoeng saoer,
panghalangna kamadjoean,
hënteu salah boh di menak boh di koering,
napsoe satroena moelja.

2. Katjarios di hidji nâgari,
aja hidji paugkat bangsa menak,
toelen toeroenan Boepatos,
moeng parantos mangsioen,
boemen-boemen di kampoeng sëpi,
djeung warga awis tëpang,
teu patos kaakoe,
tina kirang sandang-pangan,
titinggalna oeroet djëpëng tea tadi,
kasëbat sisip pisan.

3. Boemi alit sarta tihang awi,
hateup eurih make diindjoekan,
dina karang satjangkewok,
teu manoempang ge oentoeng,
kawoewoehan kawit prijaji,
kana kieu teu bisa,
kana kitoe wagoe,
kana tani soemawonna,
raraoetan pangbandjël njiar rëdjëki,
estoening loepoet pisan.

4. Estoe woengkoel mahi hĕnteu mahi,
moeng koe artos pangsioenan doang,
toeang isoek hĕnteu sore,
teu dipĕrtjaja ngandjoek,
tina sĕring njidraan djangdji,
tempona tara majar,
atoeh woewoeh ripoeh,
katambah geus ropoh tea,
dek djadjaloek ka palawargina isin,
lingsĕm koe pangsioenan.

5. Raweuj hoetang radjol noe naragih,
namoeng lieuk euweuh ragap taja,
nadjan kapapang-kopepeng,
ngoedoelkeun eusi kandjoet,
lesang kosong hĕnteu dieusi,
lengoh noe nagih boedal,
bari djaramĕdoed,
menak tajoh kapatoetna,
ngaromongkeun sadjadjalan tingkĕtjĕwis,
ngoear-ngoear wiwirang.

6. Tina rasa da darah Bopati,
hĕnteu rioek pindah aadatan,
basa songong tamplok batjot,
adigoeng gĕde hoeloe,
geureuhana nja kitoe deui,
estoe ngan kamenakan,
anoe digoegoeloeng,
teu eling kana saratna,
soemawonna sorotna mah ĕnggeus leungit,
koetjĕl koeleuheu pisan.

7. Hĕnteu kĕdah ditjatoerkeun deui,
kaajaan di djĕro boemina,
katjipta koe anoe ngilo,
kalotor djeung bĕlĕwoek,
moenggoeh baji noe masih alit,
teu djiga-djiga menak,
tjĕples darah kampoeng,
namoeng ari tjikalna mah,
ĕnggeus ageung landjang geulis djeung binangkit,
noedjoe sengserang sotja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p

8. Kakasihna nĕlah Djoeag Tati,
kpelit bangbang pangawakan lĕndjang,
lampanjat angkat ngalenghoj,
pangamboeng rada mantjoeng,
ramboet pandjang djeung rada gâling,
boeboehan aja darah,
teu kirang pasĕmoe,
âja sari djeung sieuran,
toeroeg-toeroeg jasa pisan ngome diri,
sagala sok pantĕsan.

9. Atoeh hĕnteu kirang koe noe asih,
seueur para paměgĕt nonoman,
noe pĕlĕsir pasosore,
bangsa pasar noe bakoe,
awad-awad ngadon balantik,
padahal mah maksoedna,
ngahĕlaran woengkoel,
ka Djoeag Tati noe endah,
di Babakan Kĕbon Tjaoe Sindang Galih,
soegan katon ngolebat.

10. Oedjang Kalih anak Amboe Soewi,
anoe beunghar padagang di pasar,
moeka toko barang model,
sawahna ratoes baoe,
koe Gan Tati kapati-pati,
ĕnggeus beak ratoesan,
djaba sipat njamoe,
ĕmas-intĕn teu kabilang,
lila-lila toeloej waleh Oedjang Kalih,
Djoeag Tati dilamar.

ASMARANDANA.

11. Sanadjan koerang panarik,
da ingĕt kana bandana,
panglamar ditampi bae,
ngadjodo ka oerang pasar,
da geus kitoe kadarna,
kawoewoeh dipoekproek-poekproek,
laki-rabi geus mĕrĕnah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

12. Tjatoering noe mangoen dangding,
hënteu mangkoek toedjoeh boelan,
Djoeag Tati toeloej bobot,
Oëdjang Kalih bebeakan,
njadiakeun keur babar,
sagala pësën ti Bandoeng,
paradjina bangsa njonja.

13. Tambah ogo Djoeag Tati,
wantoening poetraan dara,
katambah noe beunang hojong,
paméget moeloes bajina,
didjënëngan Poerwita,
kahojong ejang pangsioen,
nenehna di Atang-Atang.

14. Hënteu porot siang wëngi,
anoe ngalajad poetraan,
wargi ti pasar teu pëtot,
méroel bae njarareumpal,
moeng wargi bangsa menak,
seuseueurna pangkat kaoem,
noe koemapoeroen ngalajad.

15. Njeumpalna moeng sawatawis,
estoening matak nalangsa,
Djoeag Tati rënta hate,
soelaja tina tjiptaan,
wargi ti kamenakan,
satadi didjieun agoel,
tembongkeuneun waktoe babar.

16. Boektina noe katingali,
nambahan kanalangsaan,
ngangrës doemeh ejang orok,
teu kapalire koe warang,
dimomorekeun pisan,
koe wilajat kalalangkoeng,
kalalaran noe ngalajad.

17. Katjatoerkeun moerangkalih,
waktoe keur këmbang boeroean,
koe rama pintën dimongmong,
geus katilar koë ejangna,
moelih ka Rachmatoellah,
doeanana enggeus poepoes,
Atang teu tërang di ejang.

18. Hĕnteu mangkoek gĕnĕp sasih,
Oedjang Kalih kataradjang,
keuna koeris toeloej maot,
sagala roepa bandana,
kawariskeun ka Atang,
hĕnteu matak noengtoen ngoengoen,
sanadjan peunggas rantjatan.

19. Anom-anom Djoeag Tati,
kadarna geus rarandaan,
rĭna emoet ka tjaroge,
da geus karasa njaahna,
sanadjan bangsa pasar,
toba oge anoe maksoed,
teu kĕrsa nampi panglamar.

20. Atang ĕnggeus pintĕr ngadji,
toeloej asoep ka sakola,
ngoembara ka nagri sedjen,
di Batawi diadjarna,
woengkoel atoeran dagang,
hĕnteu pisan aja maksoed,
hajang njĕkĕl kapangkatan.

SINOM.

21. Sabot Atang keur ngoembara,
tina raos Djoeag Tati,
leungiteun koe poetra tea,
ngadamĕl pangeusi boemi,
landjang tĕgĕp bĕrĕsih,
satĕngah landjang dipoeloeng,
toetoeloeng padamĕlan,
salian ti rentjang ngiring,
rentjang keueung papaler di pagoelingan.

22. Dimemenan sa ka poetra,
eukeur mah landjang mangarti,
bisa pisan ngabĕbĕrah,
ngabebendjo Djoeag Tati,
djadi woewoeh diasih,
katambah djeung tara wagoe,
sagala roepa djalan,
kakasihna Njai Atjih,
tara kantoen ka mana-mana ditjandak.

PNRI

23. "Beurang-peuting hënteu këndat,
njileuk bae Djoeag Tati,
koe hajang meunang gëlaran,
teu kalis koe loba doeit,
sieün darah Boepati,
pëgat toeroenan loeloehoer,
katjampoer darah pasar,
Atang intjoe Amboe Soei,
mangën-mangën ngamanah koema' akalna.

24. Aing menak balongkotan,
toelen tërahing Bopati,
teu lipoer koe beurat-beunghar,
kitoe manah Djoeag Tati,
meureun koe wargi-wargi,
anoe ngasta pangkat loehoer,
Atang hamo disanak,
da menakna ngan ti aing,
ti bapa mah teu aja toeroenanana.

25. Pang ieu di Atang-Atang,
ngarah djeung Agan pahili,
neneh djiga poetra menak,
hënteu wëleh Djoeag Tati,
reueus tërah Bopati,
koe kamenakan teh agoel,
owël koe karadenan,
poëtra Djang Atang kakasih,
hojong pisan disëbat Raden Poerwita.

26. Djoeag Tati pindah adat,
sanggeus euweuh Oedjang Kalih,
ka wargi ti tjatogena,
teu tjara tata sasari,
keur masih gëlar Kalih,
ajeuna angkoeh adigoeng,
babasan tjohag pisan,
bahe tjatek ieu aing,
Iboe Djoeag koe andjeun ngalandih nama.

27. Moenggoeh koe tjatoeranggana,
wirasatna boeçek galing,
sok tara tëtëp pikiran,
ënja kitoe Djoeag Tati,
djeungna ieu mah leuwih,
nja osok ngomongkeun batoer,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

sirik pidik irenan,
sagala teh woengkoel aing,
anoe tegĕp anoe kaja gĕde harkat.

28. Ngamenakna estoe hatam,
mo aja noe mapadani,
kĕŭr kitoe deuih dĕlitan,
djeung kantja teu pati rapih,
da dĕngki soelit ati,
tina hajang bae oenggoel,
ti batoer hajang meunang,
ka sanak-sanakna Kalih,
basana teh baraja ti pakoeringan.

29. Djaba eta teh itoengan,
mĕdit koe barang saeutik,
taja pisan njieun amal,
atawa mere ka wargi,
hadjat ka anoe miskin,
toetoeloeng ka anoe boetoeh,
maradah noe teu boga,
ambeu djadjaoeheun teuing,
djeung anak ge dibelaan andjoek hoetang.

30. Djeungna deui sok pojokan,
sok migeujkeun nganjĕnjĕri,
moepoeas ka noe keur rara,
ngaloeloegoekeun roeroedjit,
nahi djadi kasakit,
ngoesoet-ngoesoet lakoe batoer,
sok komo aja djalan,
euweuh ge sok nilik-noengtik,
ngagogoreng sadjeungkal djadi sadeupa.

31. Ngan oekoer dina sagokan,
oerang rĕsĕp ka Djag Tati,
oelat someah marahmaj,
akoean djeung amis boedi,
kawas noe moeloes ati,
padahal mah lagam palsoe,
asoep kana babasan,
beungeut madĕp ati moengkir,
pamakena aing menak aing beunghar.

PNRI 6p Balai Pustaka

32. Pandjang lamoen ditjarita,
tabe'atna Djoeag Tati,
matak djadi sawawatjan,
woengkoel ngagoerit noe soelit,
gahtjang tjarios dangding,
di Sindang Galih pahiboet,
sadia tjatjandakan,
kĕrĕsana Djoeag Tati,
dek titirah ngalandongan kasawatna.

33. Oedjang Atang disoeratan,
kĕtok kawat ka Batawi,
jen „Iboe Djoeag" ajeuna,
geus djĕngkar ti Sindang Galih,
kĕrsana ka Bagĕndit,
ngadon lalandong di Garoet,
titirah ka Tjipanas,
soegan kasawatna leungit,
bari ngilik-ngilik pidjodoĕun Atang.

34. Soegan parĕng mĕndak warang,
di Garoet loba noe geulis,
landjang menak anoe lagas,
amoeng kantoen milih-milih,
anoe tjotjog djeung ati,
„Iboe Djoeag" ngandoeng maksoed,
soegan aja milikna,
Oedjang Atang manggih rabi,
di Limbangan ngadjodo ka poetra menak.

35. Djoeag Tati sanggeus lagas,
sok sĕring-sĕring bĕrĕwit,
woewoedon seneur kasawat,
njĕri angkeng njĕri ibit,
tina kirang pĕlĕsir,
raos tjangkeul saban boekoe,
titirah soegan waras,
hĕnteu kantoen Njai Atjih,
kitoe deui alona Ĕnden Atikah.

36. Boeboehanna menak kaja,
sanadjanna bangsa istri,
di Garoetna mĕndak sĕnang,
deukeut ka kareta-api,
njewa boemi moetjĕkil,
Njai Atjih anoe ngoeroes.

dibantoe koe Atikah,
estoe raos hënang-hëning.
„Iboe Djoeag" berag manah sehat badan.

ASMARANDANA.

37. Mënëran eukeur pakansi,
poetra Oedjang Atang tea,
ti Batawi moro-moro,
datang ka Garoet nëpangan,
ajeuna mah geus boedjang,
sëdëng rësëp ka noe djangkoeng,
ka noe lëndjang gantjang hajang.

38. Barang beh ge ningal Atjih,
hate ratoeg këkëtëgan,
keur mënter baleg-tampele,
goeroenggoesoeh hajang geura,
kamilik kapibanda,
Djoeag Tati langkoeng sëroe,
ningal polah Oedjang Atang.

39. Beu, ieu boedak birabi,
teu salah ka Atjih hajang,
tapi teu rëmpoeg djeung hate,
koemaha bae akalna,
sangkan djadi loeloesna,
koe Atjih aing teh boetoeh,
mo hade moen sina moelang.

40. Djoeag Tati estoe sabil,
teu tjotjog djeung lëlëmboetan,
moeng nahankeun andjeun bae,
hënteu asa eudjeung djiga,
teu sëmoe noe oeninga,
hal Ki Atang ngandoeng maksoed,
mikarëp ka landjang boedjang.

41. Hidji mangsa palëlësir,
Atang Atjih djeung Atikah,
ka Tjipanas di Tarogong,
ngadon mandi soekan-soëkan,
leumpang teu dina kahar,
balikna Atikah nambroe,
eureun mopo tëngah djalan.

PNRI

42. Toeh! Ikah mah eureun deui,
geura boerit oerang datang,
ah, hajoe tinggalkeun bae,
Atjih oerang mah ti heula,
dagoan di pengkolan,
ĕngke ge oerang kasoesoel,
montong mĕlang ka Atikah.

43. Enggoning ngarendeng Atjih,
pada hĕnteu wani kĕdal,
hĕnteu lemek hĕnteu njarek,
wantoe geus baroga rasa,
ngandoeng kabirahian,
dikĕmoe njĕdĕk ka loehoer,
hate ratoeg kĕkĕtĕgan.

44. Sok loba pisan kaisin,
moenggoehing lĕbah istri mah,
Atjih oge sami bae,
nadjan tjotjog djeung tjiptaan,
roedjoek djeung lĕlĕmboetan,
panoedjoe reudjeung panglamoen,
tara wani heula kĕdal.

45. Heran sadjeroning ati,
toer sakieu nja sĕnangna,
Ikah tatjan aja tembong,
na Atang teu geura kĕdal,
tjadoe teuing pikirna,
lamoen hĕnteu sabil bingoeng,
koema ngadjalananana.

46. Harita geus rada boerit,
sinar lajoeng 'noeroeb moebjar,
ka noe keur birahi nodjo,
nambahan sari kasmaran,
pangiroet raga soekma,
panonpoë toenggang goenoeng,
matak kĕlar titingalan.

47. Disamping Garoet noe rĕsmi,
rereng gĕde oedat-oedat,
badjoe gading soeat bentol,
soetra koening karembongna,
katodjo lajoeng makbrak,
anoe santĕn noengtoen woejoeng,
Atang geus teu poegoeh rasa.

PNRI 6p

48. Koe kawas noe beunang djangdji,
areureun handapeun djoear,
di noe ioeh bari ngantos,
deukeut pangadoean koeda,
kawas pisan sangadja,
salajeut ati samaksoed,
pada hajang ngarioehan.

49. Atjih toengkoel sëmoe adjrih,
bajeungjang teu poegoeh tjabak,
Atang mëlong sabot bongoh,
mangpang-meungpeung keur loeasa,
ditilik diteuteupan,
ti handap nëpi ka loehoer,
soëmeredet hajang newak.

SINOM.

50. Pikirna Atjih ajeuna,
ënggeus moal salah deui,
iraha deui mangsana,
tëmpatna sakieu soeni,
tangtoe waleh ka aing,
koemaha sangkanna loeloes,
da aing ge ngarasa,
aja djorodjoj birahi,
pidjawabeun ënggeus dikandoeng sajaga.

51. Arek sapokpokeun pisan,
ngëdalkeun kandoengan ati,
tatapi tatjan kadoega,
Atang boga pikir risi,
sieun meunang panampik,
ngahoelëng mikiran bingoeng,
mandëg-majong rek nanja,
sageuj teu poeroeneun Atjih,
ajeuna mah aing arek tetekadan.

52. Koe tina geus teu tahanna,
mëngkëk pamawana ati,
Atang waleh lila-lila,
akang boga bedja Atjih,
meureun Atjih ge ngarti,
oerang pada ngandoeng sëmoe,
da meureunan karasa,
këretëg panarik ati,
pikir Atjih moal beda reudjeung akang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

53. Ti barang beh oge akang,
geus neundeun ati ka Atjih,
tapi tatjan wani kĕdal,
meureun kaintip koe Atjih,
koe pasĕmon kadjoedi,
jen akang geus neundeun sĕmoe,
koe pĕta koe omongan,
sapari-polahna ati,
noengtoen soeka mo' beunang dihoelag-hoelag.

54. Sadjongdjongan teu ngadjawab,
djongdjon toengkoel bae Atjih,
mintĕl-mintĕl karembongna,
koe gagang pajoeng kakait,
boesik kagoesak-gasik,
tapi sadjĕroning kitoe,
ati boengangang soeka,
mesĕman seuri saeutik,
pok ngawalon barina toengkoel ka handap.

55. Ja Allah mĕnggah eta mah,
karaos pisan koe abdi,
mo bentĕn sarĕng gamparan,
namoeng mĕnggah diri abdi,
djagan lintang tingali,
abdi teh rahajat iboe,
nadjan gadoeh ge maksad,
ambeu isin liwat saking,
teu kadoega sanes ka abdi adoena.

56. Doeh Goesti atoeh koemaha,
tobat sanes abdi nampik,
amoeng koe lintang ewĕdna,
adjrih koe anoe ningali,
wireh toeroenan laip,
ngatoerkeun sewoe bĕbĕndoe,
teu tiasa ngiringan,
lain bahad lain tanding,
tĕbih pisan lain pidjodoĕunana.

57. Wantoen soempah dĕmi Allah,
abdi teh nangankeun diri,
pĕrang sabil salamina,
nadjan ngarandjahkeun diri,
mo baris kapimilik,
moeng kantoen pikir handjĕloe,

majang mo kalangkangan,
seueur-seueur djadi margi,
anoe matak ngadjaoehkeun djodo oerang.

58. Saperkawis Iboe Djoeag,
mo ngaroedjoekan ka abdi,
mapan toelen darah menak,
pitoein terah Bopati,
abdi mah djalma 'miskin,
indoèng-bapa oerang goenoeng,
teu sorot hènteu sarat,
sakieu boektina diri,
bisa hiroep lantaran koe koemawoela.

59. Kalihna taja kabisa,
bodo teu aja pangarti,
hènteu kenging paladjaran,
matak bae noengtoen isin,
ka djagan noe bèrboedi,
matja noelis ngan saoekoer,
sawatawis loemajan,
bilih lingsém djadi adjrih,
paripaos kadoehoeng tara ti heula.

60. Koedoe manah masing asak,
oelah nganteur napsoe iblis,
roesoeh ngaladjoer ngagèntak,
èngkena djadi balai,
nja gamparan nja abdi,
oelah osok goeroenggoesoeh,
tobat sanes goemisa,
njoemaho njidoeh ka langit,
moeng sakitoe hatoer abdi ka gamparan.

61. Atjih pèrkara eta mah,
montong djadi sèdih kingkin,
kitoe walonna Djang Atang,
tanggoengan akang pribadi,
asal bae di Atjih,
oelah rèntag djadi bingoèng,
eta mah loear goerat,
asal Atjih tètèp ati,
ka iboe mah koemaha akang boektina.

PNRI 6p Balai Pustaka

62. Akang tangtoe kalélèban,
lamoen teu djodo ka Atjih,
koe woengkoel patembongan mah,
teu matak paler birahi,
teu noengtoen sègèr ati,
teu seubeuh koe mindèng tèpoeng,
da hajang kapibanda,
salawasna kapimilik,
boga aing ngadolos sakarèp raga.

63. Geura boeah gèdong asak,
teu kalis koe sèmoe amis,
da sok hajang toeloej moerak,
dipèsek disoewik-soewik,
pèlokna kitoe deui,
teu disambèl digaroegoet,
garègèteun da teuas,
teu lepot da poegoeh amis,
sanggeus seubeuh teu wèleh njaah dipèlak.

64. Ka Atjih teh hènteu beda,
tjara ka boeah noe tadi,
djadi moen teu dipèsek mah,
akang mo pètot ngalingling,
ngalangiangan ka Atjih,
neangan panglipoer kalboe,
pamapaler kahajang,
tapi sanadjan geus manggih,
hamo lipoer poelih kòe meunang gantina.

KINANTI.

65. Eukeur kitoe ikah djèboel,
ti djaoehna ngadjak seuri,
horeng aja papanggihan,
waktoe katinggaleun tadi,
miloe barèng djeung Atikah,
maksoedna nèpoengan Atjih.

66. Ka Atjih teh pèrnah doeloer,
sabrajna ti indoeng Atjih,
matoehna di Soekaregang,
djadi djoeroetoelis masdjid,
toekang ngoeroeskeun djadjakat,
ti kantjana meunang warti.

PNRI 6p

67. Padjar aja semah djaoeh,
koe papajan Djoeag Tati,
ngahadja angkat titirah,
ingĕt ka doeloer Nji Atjih,
bedjana djadi rentjangna,
ajeuna njidikkeun warti.

68. Djeung Ikah geus ngadoe sémoe,
ngamprokkeun ati birahi,
kawoewoeh manehna lagas,
Atikah pon kitoe deui,
mo aja haroenganana,
toeroeg-toeroeg doeloer Atjih.

69. Paos kagoentoeran madoe,
kaoeroegan ménjan poetih,
sarerea pada soeka,
ngan handjakalna saeutik,
Atikah teu pati bérag,
ingĕt ka anoe di boemi.

70. Djoeag Tati tangtoe bĕndoe,
tina sakieu geus boerit,
ĕnggeus meudjeuhna daratang,
ajeuna ĕnggeus meh magrib,
bĕt masih keneh di djalan,
katambah ngontjerkeun Atjih.

71. Ĕmbi samemeh dikantoen,
geus masinikeun noe pĕrih,
djeung djangdji omat-omatan,
koe tina ĕnggeus tingali,
oelah dikĕntjar Djang Atang,
bisi rakĕt ka Nji Atjih.

72. Ari ieu anggoer moetoeh,
diantĕp bae sakali,
sina leumpang ti hareula,
atoeh ngahĕnang-ngahĕning,
rek ngomong sakama-kama,
hamo aja laleur poetih.

73. Euweuh noe ngaharoe-biroe,
tangtoe njeuseulna ka aing,
kawoewoeh kieu djalanna,
aing ge miloe birahi,
ka Den Djeeroetoelis Djakat,
ka sabrajna Njai Atjih.

74. Moenggoeh deui noe dikantoen,
Djoëag Tati toenggoe boemi,
manah teu wëleh soemëlang,
tina geus sakieu magrib,
tatjan ëmbol-ëmbol datang,
boa di djalan koe tjoelik.

75. Aing teh rada kadoehoeng,
ngidinan sina pëlësir,
ngadon mandi ka Tjipanas,
aing koerang tëmah wadi,
mihape hajam ka heulang,
paisan disanding oetjing.

76. Sameména Kai Agoes,
mindëng pasini djeung Atjih,
saksina ngan mata opat,
moenggoeh Ikah alo aing,
hamo beunang dipërtjaja,
tangtoena biloek ka Atjih.

77. Moenggoeh koe tjiptaan kalboe,
Atang anaking kakasih,
ngadjodo ka poetra menak,
darah toelen ti Bopati,
toeroenan menak Limbangan,
anoe pintër reudjeung geulis.

78. Ki Atang ge mo' ngamaroe,
da eukeurna di Batawi,
tjatjampoeranna djeung menak,
tërah kotjoran Bopati,
tapi oepama ajeuna,
ngadjodo ka Njai Atjih.

79. Beunang sakola teh lapoer,
djadi oerang pasar deui,
toeroenan aing teh pëgat,
'mo salah kaloeli-loeli,
Atang tatjan manggih loeang,
tjan njahoëun maksoed aing.

80. Geus kapikir oge noeroet,
ngagoegoe pepeling aing,
sageuj teu beunang dipondah,
pirakoe montel ka Atjih,
geuning aing ge baheula,
hajang ka Raden Soewardi.

81. Lantaran pitoeah sĕpoeh,
teu toeloes djadi salaki,
sanadjan tĕrah santana,
roedjoek sapoek reudjeung ati,
da sĕpoeh kapan teu doa,
Soewardi koerang rĕdjĕki.

82. Boektina geuning bĕt loeloes,
hĕnteu matak djadi pikir,
ana proek ka oĕrang pasar,
ngarabi ka Oedjang Kalih,
Atang oge moal beda,
'mo kalĕlĕban koe Atjih.

83. Djoeag Tati oenggah toeroen,
ka djalan ka boemi deui,
poelang-anting ka boeroean,
nĕmpoan noe tas pĕlĕsir,
katingal lĕbah pengkolan,
saha noe saoerang deui.

84. Djaoeh ge ditjĕloek-tjĕloek,
digoepajan bari seuri,
ari eta atoeh saha,
kami mah tatjan papanggih,
diwalonan koe Atikah,
soemoehoen sabrajna Atjih.

85. Njĕpĕng padamĕlan kaoem,
namina Raden Idjroi,
poetra Naib Wanasoeka,
kenging wartos aja Atjih,
maksadna bade nĕpangan,
madĕkan ka lĕnggah ĕmbi.

86. Iboe atoeh soeka soekoer,
kahajang teh toeloej meuting,
estoe lain adjak Djawa,
iboe oelah keuenng teuing,
Atang apan tereh moelang,
dek eksamen di Batawi.

87. Pangakoe anoe sakitoe,
matak kaget anoe ngoeping,
horeng aja rasiahna,
Naib rama Den Idjroi,
kangening djaman baheula,
waas waktoe moerangkalih.

88. Poetrana diakoe estoe,
toeloej ditjandak ka boemi,
ditjandak ngarioeng toeang,
kaget benten ti sasari,
kawas anoe kawenehan,
mendak ni'mat Den Idjroi.

89. Katjeloek toeangna gemboel,
harita mah rada tjemi,
pahareup-hareup djeung Ikah,
sieun dipigeujkeun Atjih,
didjangdjaroehkeun digondjak,
pasemon adjrih djeung isin.

90. Sabada boebar ngarioeng,
Idjroi toeloej ka tjai,
kabeneran lebah lawang,
manehna tepoeng djeung Atjih,
pokna Atjih boga bedja,
arek ngagoegat hal tadi.

DANGDANGGOELA.

91. Kabeneran bisa sempet panggih,
saestoena akang meunang bedja,
kaajaan diri maneh,
sakoemaha pamaksoed,
eta lain perkara leutik,
Ikah kedal rasiah,
taja noe kaharoeng,
dododja diri manehna,
soegan akang bisa ngodjajan ka Atjih,
hempek geura njarita,

92. Koe kitoena ari Den Idjroi,
pagah maneh teh boga kahajang,
padahal teu naon-naon,
abdi mah poek istoe,
Den Idjroi ngagakgak seuri,
tong mamandaloeanan,
Atjih geura akoe,
akang teh arek noeloengan,
soegan pareng pamegat halangan rabi,
koe akal djadi djembar.

93. Noehoen atoeh ari geus tingali,
walon Atjih lebahing abdi mah,
wantoening bangsa awewe,
moeng toemadah pangoeroes,
kawoewoehan pahatoe miskin,
geus teu mdoeng teu bapa,
saha deui atoeh,
anoe baris ngabelaan,
amoeng Raden djeung rama Djoeragan Naib,
adoeh Raden koemaha.

94. Moal salah katjipta koe abdi,
ka iboena ngoerihit Djang Atang,
keukeuh hajang boga bodjo,
tapina enggeus tangtoe,
iboe hamo masihan idin,
henteu roedjoek megatan,
emboeng noeloeng mantoe,
ka lain rembesing menak,
meureun toeloej njariqs noe lain-lain,
ngabalerkeun tjarita.

95. Abdi terang adat eta istri,
koekoeh teuas teh lain antepan,
nadjan Atang keukeuh oge,
Idjroi mesem imoet,
ih Nji Atjih tong leutik ati,
noe mikarep teh kapan,
lain boedak lemboet,
boga pikiran sorangan,
akil-baleg henteu koedoe make idin,
moen karep niat nikah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

96. Kapan deuih poetra ngan sahidji,
saha deui anoe dibelaan,
kawoewoeh poetra dimongmong,
djeung moenggoehing di iboe,
sakeukeuhna ge bangsa istri,
tangtoe lémoe ka poetra,
hamo bisa padoe,
Njai Atjih ngawalonan,
ai Raden ieu mah sédjenna deui,
istoe iboe mintjoelak.

97. Hamo lédjar téngtrém hate abdi,
lamoen hénteu roedjoekeun iboena,
bédo moal daek bae,
sanadjan dipihoekoem,
moal matak soegéma pikir,
matak kagégéringan,
hamo lambat-lamboet,
awet-radjet mah teu hajang,
kadjeun pisah teu toeloes djadi salaki,
Atjih teh doemareuda.

98. Aeh-aeh, walonna Idjroi,
ari Atjih bét pondok pikiran,
Atjih djongdjon toengkoel bae,
bari tjeurik soémégroek,
adoeh Goesti koemaha abdi,
geura bade njarita,
sing karsa ngaroengoe,
ngomongna kéndat-kéndatan,
rarandégan kasélang koe njégroek tjeurik,
Idjroi régép pisan.

99. Noe kapéndak karasa koe abdi,
Djoeag Tati ngamenak pohara,
adatna ngaradja dewek,
menak aing teu batoer,
djoedés gémés ka anoe ginding,
reudjeung sakahojongna,
oelah teu digoégoe,
moedoe pisan diajonan,
koemagoengan sagala teh ieu aing,
menak tjoenihin tea.

100. Taja lian ngan koe sabab miskin,
reudjeung lain rĕmbĕsing koesoĕmah,
pang ka abdi teu doa teh,
estoe teu poegoeh oedjoer,
geura mangga koe Raden galih,
basana Iboe Djoeag,
djĕro dipihoekoem,
na matak djadi toeloengan,
kamenakan andjeunna ka Oedjang Kalih,
geuning taja goenanâ.

101. Andjeunna teh tingali pribadi,
jen Djang Atang katjida mantĕngna,
abdi ge pon sami bae,
amoeng keukeuh teu roedjoek,
hĕnteu doa misanak abdi,
da abdi mah landjangna,
teu dimanah téroes,
jen matak djadi lantaran,
pidoerjateun langlajangan pĕgat tali,
kasoekan djadi gagal.

102. Waktoe Atjih reudjeung Den Idjroi,
goenĕm tjatoer di djalan ka djamban,
Djoeag Tati keur ngamangle,
ngaloendjar dina bangkoe,
djĕro pangkeng tjalik tjoenggĕlik,
njalira taja rentjang,
hĕnteu lamí djĕboel,
poetra kamongmong Djang Atang,
bah panto ge geus njĕboek ka Djoeag Tati,
boe, abdi gadoeh bedja.

103. Iboe abdi geus nanjaan Atjih,
maksoed abdi dek toeloej ditikah,
iboena toeloej ngareret,
hĕnteu reuwas pasĕmoe,
tĕtĕg nahan amarah ati,
ngamangle teu ditoenda,
toeloej alon njaoer,
eh Oedjang ka dieu hiap,
moenggoeh eta pan Oedjang njaho pribadi,
jen iboe teh teu doa.

KINANTI.

104. Tong nangtoeng ka dieu dioek,
oerang njarita djeung Tati,
ambeh djongdjon samĕmĕnah,
hal pang teu doa ka Atjih,
iboe ajeuna dek kĕdal,
Oedjang oelah salah harti.

105. Oedjang Atang djongdjon nangtoeng,
nangankeun kadjengkel ati,
bari njĕntak ngawalonan,
naon sabab pang teu widi,
abdi mah heran pohara,
na bĕt njoelajaan teuing.

106. Ngagolojoh toeloej dioek,
njarande kana goegoeling,
koe sadaja ge kamanah,
pinjĕrieunana ati,
reh pakarĕpan kapĕgat,
beunang njileuk beurang-peuting.

107. Kari-kari hĕnteu roedjoek,
soelaja djeung tjipta ati,
ngahoelĕng bari mikiran,
bajeungjang teu ngeunah tjitjing,
doemeh napsoe kahalangan,
katambah eling ka Atjih.

108. Pitjeurikeun gĕus ngagĕndoek,
ngan ninggang lĕbah lalaki,
sok radjeun bisa mĕngkĕkna,
hĕnteu tjara lĕbah istri,
sok toeloej bae ngagoak,
sagala ngan sok djeung tjeurik.

109. Ngagolak djĕroning kalboe,
gambar katingal koe ati,
Atjih Idjroi djeung Ikah,
waktoe tadi keur pĕlĕsir,
katingal soemehbeh pisan,
komo mesĕmma Nji Atjih.

PERPUSTAKAAN
PNRI 6p Balai Pustaka

110. Djëroning deukeut djeung iboe.
pikir mah ka mana-mëndi,
teu rëgëp kana lahiran,
ati mah djongdjon djeung Atjih,
asa dioek rerendengan,
goegoeling ditjipta Atjih.

111. Djoeag Tati alon njaoer,
Oedjang montong djadi pikir,
lawoengkeun eta gogoda,
tong diingët-ingët teuing,
geura iboe dek njarita,
koe Oedjang sing asak pikir.

112. Sakoemaha maksoed Agoes,
koe Tati ënggeus kaharti,
samalah ti tatadina,
saměntas balik pëlësir,
Tati teh geus boga rasa,
aing tangtoe dikoerihit.

113. Pikeun Tati hënteu roedjoek,
teu doa kawin ka Atjih,
memang osok loembrah pisan,
hade eudjeung eusi boemi,
rësëp ka landjang boeboedjang,
tapi lain pakeun rabi.

114. Ngan saoekoer eukeur batoer,
panambah panoengtoen sari,
minangka lalawoeh toeang,
lalab roembah noe sasari,
didjieun loemajan pisan,
nadjan dipiringan basi.

115. Lain gambir lain apoe,
sambara tali-paranti,
loepoet lamoen taja eta,
kapol laga oge lain,
wawangina pangiroetan,
euweuh radjeun diilari.

116. Geura pikiran koe Agoes,
Atjih teh toeroenan miskin,
estoe tjatjah koeritjakan,
teu aja pisan pangarti,
tina taja paladjaran,
kaomna ka bangsa sisi.

PNRI

117. 'Hiroep ge noeroet ka batoer,
sakadar boga rĕdjĕki,
bisa make bisa dahar,
pan pangleler oerang geuning,
teu 'aja piliheunana,
moedoe asăk pikir-pikir.

118. Tĕtĕp iboe hĕnteu roedjoek,
teu doa rangkĕp ka Atjih,
nadjan Oedjang kĕukeuh hajang,
ĕngke ge moen geus kapikir,
kalilipoer koe panalar,
tinangtoe paler ka Atjih.

119. Sakitoe pamenta iboe,
oelah ngaladjoer birahi,
ngadolos napsoe noe salah,
bĕnĕr Oedjang peurih ati,
koe Tati dipepelingan,
ĕngke ge babalik pikir.

120. Nganoehoenkeun woelang iboe,
sĕpoeh teh boga pamilih,
sageuj iboe gana-gana,
mĕgatan doeriat rabi,
lain lajak pakeun Oedjang,
lain babad lain tanding.

121. Moenggoeh lĕbahing di iboe,
anak lalaki sahidji,
hajang teh boga bodjona,
ka noe pintĕr sarta geulis,
noe poegoeh toeroenanana,
anoe lajak sami tanding.

122. Disaréboet noeroeb tjoepoe,
noe kasep reudjeung noe geulis,
beh saratna beh sorotna,
hartana rawoeh pangarti,
lamoen tôeloes sakahajang,
meunangkeun boedjang toer miskin.

123. Elingkeun darah ti iboe,
kapan toelen ti Bopati,
nadjan bapa dârah pasar,
kotjoran ti Amboe Soewi,
Oedjang mah aja menakna,
boektina ti iboe Tati.

PNRI 6p

124. Atang tjĕngkat djeung mĕrĕngoet,
ragrag ka handap goegoeling,
kadoepak koe noe amarah,
djalang-djeleng hĕnteu tjitjing,
hoentoena kĕkĕrĕkĕtan,
moengkoeran ka Djoeag Tati.

PANGKOER.

125. Iboe mah katoetŏeleejan,
bĕt njaoerkeun saoer noe lain-lain,
ngoendat[2] ka karoehoen,
bapa anoe teu aja,
ditjatjandak padahal hĕnteu pĕrĕloe,
lămoen hantĕm dipapaj mah,
sadaja djalma ge sami.

126. Sadaja toeroenan Adam,
boh ti iboe boh bapa mĕnggah abdi,
sami toeroenan karoehoen,
boh ti koering boh menak,
hĕnteu pĕrloe koe abdi disĕboet-sĕboet,
da hamo aja goenana,
noengtoen bae doekeng galih.

127. Tjatjah radjeun tĕrah menak,
bangsa menak sok asal koering lĕpit,
aja noe menak ti indoeng,
aja anoe ngan bapa,
mĕnggah ieu kantĕnan tingali iboe,
hĕnteu sae papandjangan,
pan keur ngagoenĕmkeun Atjih.

KINANTI.

128. Bĕt heran teuing koe iboe,
ngalaipkeun diri Atjih,
abdi mo beunang dihoelag,
Atjih dek dipondong rabi,
arek maksa tetekadan,
nadjan iboe hĕnteu widi.

129. Tina abdi bangĕt maksoed,
raos raheut ati abdi,
moen hĕnteu laksana tĕa,
ngawin mihoekoem Nji Atjih,
iboe mesĕm ngawalonan,
sanggoelna oedar kagasik.

130. Memang enggeus sampe oemoer,
lamoen Oedjang niat kawin,
teu aja halanganana,
nadjan sepoeh hënteu idin,
hënteu përloe diwalian,
asal ngadeuheus ka hakim.

131. Mënding mana leungit indoeng,
reudjeung miboga si Atjih,
kitoe pendekna iboe mah,
koe Atang koedoe dipilih,
mënding teu diakoe anak,
atawa kawin ka Atjih.

132. Piwoelang koedoe ditoengkoes,
tangkësna diboelak-balik,
oelah sok tindak ngadadak,
atah rampa tiwas diri,
adoeh Oedjang poma-poma,
elingkeun kaheman Tati.

133. Moenggoeh koe pamanggih iboe,
kitoe lahir Djoeag Tati,
tatjan aja anoe hilang,
koe lantaran raheut ati,
ngan oekoer kagëgëringan,
engkena ge lipoer deui.

134. Rampohpoj ki Atang kondoer,
asoep ka kamar paranti,
sampojong ka pagoelingan,
ngëntab panas djëro ati,
toeroen-oenggah hënteu ngeunah,
boeah-boeah teu ditolih.

135. Dikëdëngkeun bët teu toendoeh,
boeligir ngarasa tiris,
disimboetan bët hareudang,
katendjo bae Nji Atjih,
dipapalëy tambah bingbang,
tambah roedët djoewët ati.

136. Samar hiroep meunang taoen,
kaja kieu diri aing,
sasambatna Oedjang Atang,
lamoen hënteu kapimilik,
tangtoe aing kaléleban,
seuseut haris sehat diri.

137. Amarah moelék kapégoeng,
tina dipan kana kórsi,
tina korsi ka énggonna,
tjilingtjingtjat hénteu tjitjing,
pikir soerém samagaha,
kokolebatan Nji Atjih.

138. Loemantoeng dina djadjantoeng,
ngait njantel kana tjeuli,
soemarambah kana bajah,
boelat-beulit kana peudjit,
geus njajang dina soengsoeam,
teu pégat inget ka Atjih.

139. Doeh, Goesti Kang Maha Agoeng,
soemégroek Ki Atang tjeurik,
bantal tjiproek koe tjimata,
naha aing pondok teuing,
ja Allah tobat Pangeran,
koemaha toengtoengna aing.

140. Moestoengna Atang ngalamoen,
hajang gagah sarta sakti,
bisa mindah-mindah roepa,
mantjala poetra djeung poetri,
tangtoe seubeuh reureudjeungan,
beurang-peuting reudjeung Atjih.

141. Ngalamoen mah tara poetoes,
ngan njiptaan bae geuning,
koe soekma noe mindah rasa,
goegoeling ditjipta Atjih,
raga mah toena akalna,
rek népangan hénteu wani.

142. Moen nikah térahing ratoe,
mindéng kapanggih koe aing,
lalaki noe tjlok ti handap,
mijoeni hajam kabiri,
ngéplek djawer ngandar djangdjang,
koemeok eleh koe istri.

143. Laki-rabi roepa kitoe,
aing mah teu soedi teuing,
kadjeun teu meunangkeun menak,
asal bangloes loeloes-loeis,
sabanda djeung sakanjaah,
sapapait samamanis.

144. Na bĕt hènteu geura isoek,
arek njarita ka Atjih,
teu paler koe seubeuh tĕpang,
teu kalis koe seubeuh njiwit,
deudeukeutan reureudjeungan,
da hajang mah kapimilik.

145. Hajang mondong hajang mangkoe,
na atoeh ka saha deui,
kapan nja aing boektina,
beak keuheul djengkel peurih,
koe iboe teu karoedjoekan,
teu doa kawin ka Atjih.

146. Ngan bati neureujan tjidoeh,
beureum paneureuj mo djadi,
doeh, Goesti atoeh koemaha,
nja ajeuna aing boekti,
tinangtoe kagĕgĕringan,
koe Atjih kapati-pati.

147. Teu pĕtot Atang soemĕgroek,
doeh, tong koemapalang aing,
ngabelaan napsoe hawa,
pararik ati birahi,
arek nekad bibilasan,
ngalawoengkeun kangĕn ati.

148. Toendjangeun simboet ngaloemboek,
bantalna rawoeh goegoeling,
paboerisat pabalatak,
patoelajah teu pĕrdoeli,
leueuteun tiis ngadjagrag,
beunang !kah kĕrah-kĕrih.

149. Soesoe tiis teu dioejoep,
da lain beunang Nji Atjih,
dadar goeloeng teu didahar,
pisang goreng djadi bari,
haseum saoes agĕr soklat,
dikadjeunkeun teu ditolih.

ASMARANDANA.

150. Tjatjakan moen beunang Atjih,
tangtoe beak moal njesa,
da geuning rasa teh sedjen,
asa bërsih sarta ngeunah,
teu pisan asa-asa,
da beunang kangëning kalboe,
asa dahar noe njieunna.

151. Atang njileuk sapeupeuting,
sarena teu daek tibra,
teu kaop aja kërëtek,
pikirna teh moega-moega,
tjing Atjih masing datang,
padahal oetjing noe boeroeng,
ngaringkoek toendjangeun Atang.

152. Atang amarah ka oetjing,
bari tjëngkat didjëdjëkan,
dibantingkeun kana panto,
tapi sato boeboehanna,
sabot Atang ngalënjap,
oetjing geus tjlok lëbah soekoe,
teu njahoëun noe këur soesah.

153. Atang hoedang newak oetjing,
diteunggeulan ditjabokan,
dïtjëkek sätëngah paeh,
toeloej moekakeun djandela,
dibalangkeun ka loear,
djandela gëbroeg ditoetoep,
Atang ngëdëng dina dipan.

154. Atang geus ngalënjap deui,
tina bawaning lëndëngna,
teu ingët jen ngagelehe,
dina dipan teu dibantal,
ngan sakërëdjëp pisan,
ari lilir ënggeus soeboeh,
ënggeus retjet sora hajam.

155. Ngoredjat toeloej ka tjai,
make kampret istrikaan,
dibëre toeloej ka këbon,
kawas beunang ngadjangdjian,

ñjampak Atjih geus aja,
keur moeloengan kembang tandjoeng,
djeung malati ditiiran.

156. Djongdjon Atjih api api,
njoroktjok moeloengan kembang,
api² hënteu njaho,
kawas anoe teu kagembang,
padahal pikirna mah,
ngagërëmët hajang tëpoeng,
hajang geura rerendengan.

157. Hajang geura këdal asih,
meungpeung iboe tatjan goegah,
Atikah masih di pangkeng,
Idjroi eukeur nëtëpan,
istoening saměměnah,
Atang toeloej miloe moeloeng,
bari nëpak newak tangan.

158. Bari ngambeuan malati,
njarita hal peuting tea,
ngagëbëg Nji Atjih kaget,
naha asana katjida,
taja pisan timbangan,
ja Allah koemaha atoeh,
Atjih njoeoeh doemareuda.

159. Disoesoet tjipanon Atjih,
barina dioepah-oepah,
oelah djadi leutik hate,
masing sabar sing tawëkal,
gëloengna dioesapan,
kagasik soebalna mawoer,
gëloeng ngaplek arek oedar.

160. Bari tjeurik ëlah ëlih,
Atjih mënërkeun gëloengna,
samping teu pageuh ngaleke,
ka Atang Atjih ngoemaha,
barina hoemandeuar,
koemaha pang iboe kitoe,
abdi mah helok djeung bingbang.

PNRI

161. Walon Atang taja deui,
teu tingali di doeriat,
kabeurat akang ka maneh,
da ngemoetkeun ka andjeunna,
waktoe basana nikah,
kawasna koerang panoedjoe,
djadi garwa bapa akang.

162. Teu tjara akang djeung Atjih,
pada saroeka djinisna,
pada sapoek reudjeung hate,
ajeuna mah maksoed akang,
taja noe djadi palang,
ngahalangan maksoed kalboe,
oorang hajoe bae nikah.

163. Tapi koema moen teu widi,
bari tjeurik Atjih nanja,
lamoen iboe keukeuh bae,
ka abdi teu ngaroedjoekan,
abdi 'mo ngalangkoengan,
darma djadi landjang iboe,
kapan eta noe kagoengan.

164. Atang geus teu tahan deui,
moeroeboetan tjipanonna,
tjangkengna Atjih disangkeh,
hënteu bisa ngawalonan,
pasëmon bingoeng bingbang,
Atjih tjëngkat toeloej nangtoeng,
ngelesed pindah dioekna.

165. Ajeuna mah geura moelih,
bilih iboe ënggeus goegah,
Atang toeloej indit bae,
tina ënggeus boga rasa,
lamoenna lila-lila,
tangtoe beuki njoeat kalboe,
akalna koedoe singkahan.

166. Ikah njampeurkeun ka Atjih,
sanggeus Atang njingkah tea,
Nji Atjih toeloej dirontok,
bari tjeurik ditjioeman,
tina miloe nalangsa,
miloe ngënës ngangrës kalboe,
ingët ka awak sorangan.

167. Tina eling ka Idjroi,
sieun hĕnteu diroedjoekan,
koemaha njĕrina bae,
reudjeung Atjih hamo beda,
da saroea djalanna,
djinis mah poegoeh geus sapoek,
salĕmpang sĕpoeh teu doa.

SINOM.

168. Katjatoer isoekna Atang,
toeloej balik ka Batawi,
Idjroi toeloej njoeratan,
ka rama Djoeragan Naib,
dihatoeranan linggih,
nĕpangan Atjih ka Garcet,
soegan jasa ngodjajan,
ngadjait alo Nji Atjih,
soesoeganan koe tarekah djadi djĕmbar.

169. Koe sadaja ge kamanah,
peurihna njĕrina ati,
noe ngantoen djeung noe ditilar,
tong pandjang ditjatoer deui,
nja kitoe Atang Atjih,
pada ngandoeng ati ngoengoen,
pisah djeung boeah manah,
hĕnteu koengsi tĕpang deui,
tina sieun tambah bingbang ngoelajaban.

170. Barang djoeng teh Atang mangkat,
djĕro pangkeng Atjih noempi,
bari njoesoetan tjimata,
dioepahan koe Idjroi,
Atikah miloe tjeurik,
geus lĕlĕr toeloej ka dapoer,
sĕdjana arek olah,
sadia toeang tangari,
amoeng Atjih hĕnteu poegoeh noe ditjabak.

171. Moen teu kabantoe koe Ikah,
toeangeun 'mo bisa boekti,
radjeun oge gogorengan,
toetoeng kaasakan teuing,
angeun ge mani asin,
rek njokot sindoek top moetoe,

tina kalangkaboetna,
nĕpi ka raheut na tjinggir,
keur mĕsĕkan koemĕli gorengeun tea.

172. Dina keur ngalalajanan,
lĕboer seep koe Djag Tati,
disĕntakan digĕwokan,
geugeumeueun Njai Atjih,
kobokan tigoelitik,
katadjong tjaina mawoer,
na alkĕtip ngaloekrah,
tambah bĕndoe Djoeag Tati,
kawoewoehan kirang pĕpĕk deungeun toeang.

173. Saomong-omongna Atang,
njĕlap bae dina tjeuli,
gantoeng denge gantoeng rasa,
soempĕg samagaha pikir,
ditilar boeah ati,
gawena hioel ngadjĕntoel,
roepa poetjĕt teu berag,
samar kolojong Nji Atjih,
deungdeuleueun koe paripolahna Atang.

174. Kitoe deui Oedjang Atang,
barang djoeng kareta api,
taja tangan pangawasa,
leuleus lĕsoe woejoeng galih,
katingal bae Atjih,
djeung djengkel keuheul ka iboe,
moeng teu wĕleh harĕpan,
soegan parĕng ĕngke deui,
bisa lĕdjar laksana sapanĕdjaan.

175. Aambeueun Oedjang Atang,
koe wangi soebal malati,
dedengeeun koe omongna,
kakoeping sora noe seuri,
panjoeroeng Njai Atjih,
waktoe eukeur moeloeng tandjoeng,
rĕnghapna pangoemaha,
tina kapĕgat birahi,
Oedjang Atang soemĕblak reudjeung bajeungjang.

176. Matja boekoe ge teu tamat,
kagembang ingét ka Atjih,
nadjan poegoeh landjaranna,
tapi wéleh teu kaharti,
bét beh deui beh deui,
panas tiris léndéng gioeng,
teu poegoeh rarasaan,
dikoprotan koe kolonji,
moeng teu méntal déngdéng lieur ngéntab panas.

177. Katambah haseup kareta,
moelék katébak koe angin,
woewoeh noengtoen kateu-ngeunah,
ganti-ganti nja kapoesing,
djeung deui heurin oesik,
méléksék awak noe nanggoeng,
kesang anoe hareudang,
Oedjang Atang hénteu wani,
geurah-geureuh tjek babasan sami njewa.

178. Toenda tjatoer samagaha,
bentangna geus tembong deui,
kaganti koe tjaang boelan,
boektina djoeragan Naib,
ramana Den Idjroi,
isoekna djéngkar ka Garoet,
sakalian népangan,
ngawawaas Djoeag Tati,
djeung nékanan soeratna Idjroi teä.

179. Geus rawoeh ti Wanasoeka,
dipapagkeun koe Idjroi,
di djalan kench geus tjéplak,
daradad hal Njai Atjih,
bisina teu katoelis,
koe lisan deuih diwoewoeh,
bilih kirang tetela,
Djoeragan Naib geus tjalik,
oeloek salam diakoe koe Iboe Djoeag.

180. Boeboehan sobat baheula,
barang beh ge Djoeag Tati,
hénteu noempang asa-asa,
papajoen-pajoen tjaralik,
ngagoegat djaman Kalih,
raos heubeul hénteu tépoeng,

ĕnggeus aja windoena,
lintang waas Djoeag Tati,
heg ngalahir pĕrloena pangna nĕpangan.

181. Tjaoe tjatang tjaoe tjatang,
poen Ĕmang teh Djoeang Tati,
mĕlak tjabe patengtongan,
nampi serat ti Idjroi,
oendjoekan aja Atjih,
ngiring titirah ka Garoet,
nja ngarentjangan Djoeag,
ajeuna eta poen Atjih,
kasoehoenkeun dibantoen ka Wanasoeka.

182. Mĕnggah ari margina mah,
Djoeag noe lintang tingali,
poen Atjih teh dipimaksad,
koe poetra noe di Batawi,
djadi ajeuna Atjih,
kasoehoenkeun sina wangsoel,
moelang ka Wanasoeka,
hamo kasanggakeun deui,
dimoemoele koe poeh ĕmang djeung bibina.

183. Mĕnggah eta jaktos pisan,
sadaja noe dipilahir,
kitoe lahir Iboe Djoeag,
koering hĕnteu pisan idin,
boga anak sasiki,
gadoeh maksoed noe ţeu patoet,
moeng ĕnggeus diberesan,
poen anak reudjeung Nji Atjih,
hamo aja toegĕnahna panasaran.

184. Atoeh beak hatoer bingah,
taja kabeurat poen Atjih,
ari geus dilĕrĕskeun mah,
ajeuna dibantoen balik,
kitoe saoer Den Naib,
toeroenan Atjih teh poegoeh,
aja kotjoranana,
lain tjatjah-tjatjah teuing,
barajana loba anoe njĕpĕng pangkat.

185. Pihatoer émang ka Djoeag,
si Atjih mo meunang kawin,
ka anak bangsa padagang,
nadjan beunghar soegih moekti,
tjara Djoeag ka Kalih,
nadjan sawah ratoes baoe,
teu aja ti ditoena,
ngawin woengkoel ngarah doeit,
estoe doang kasoekaan noe disiar.

186. Poen Atjih ge tangtos pisan,
sina meunangkeun prijaji,
tjara sanak barajana,
noehoen pisan Djoeag Tati,
ngoeping pilahir tadi,
lantaran Djoeag teu roedjoek,
poetra 'mo sios tea,
mikarép ka Njai Atjih,
poen émang teh toemaros naon margina.

187. Djoeag Tati pintén bingah,
ditaros Djoeragan Naib,
pangna hénteu ngaroedjoekan,
rek malés malikkeun lahir,
kétjapna Raden Naib,
noe tadi ngagaroek kalboe,
katjida teu raosna,
dihina meunangkeun Kalih,
teu dihiding kamenakan kaboeungharan.

188. Anoe matak hénteu dóa,
si Oedjang kawin ka Atjih,
koe asa meunangkeun boedjang,
estoe teu lajak teu tanding,
lain babadna rabi,
hajang teh ngawin noe oedjoer,
meunangkeun poetra menak,
anoe tjotjog reudjeung ati,
karoedjoekan koe sakabeh lélémboetan.

189. Djoeag atoeh ajeuna mah,
sami soekoer bingah ati,
oerang pada bóga niat,
poetra djeung poen anak Atjih,
éngke ge lipoer deui,
hamo aja oeroet-oeroet,

PNRI 6p

nadjan raheut atina,
ngan saoekoer noengtoen gëring,
hamo nëpi ka adjal jantaran eta.

190. Geuning oerang ge baheula,
Djoeag ka ëmang teu djadi,
natjan soeka pada soeka,
bët Djoeag njandak Djang Kalih,
pohara sëdih kingkin,
beurat koe tina teu toeloes,
meureun Djoeag ngamanah,
njërina peurihna ati,
ajouna ge masih ngadjampana boegang.

191. Mo boa poetra ge Atang,
peurihna pisah ti Atjih,
sami djeung oerang baheula,
poetra deui dëudeuh teuing,
sina ngalakon njëri,
njandang sëdih tjara iboe,
pangintën poen ëmang mah,
Djoeag geus tambah pamanggih,
loeang sëpoeh keur tërapkeunëun ka poetra.

192. Horeng tëtëp sabaheula,
hënteu ngintën Djoeag Tati,
Iboe Djoeag doemareuda,
raos disëbit disoeit,
ngadangoe sapilahir,
njoeat asoep noerih kalboe,
doeh ëmang noehoen pisan,
eta jaktos ëmang Naib,
piwëdjang teh kasoehoen kalingga moerda.

193. Mënggah eta lërës pisan,
sewoe karaos koe koering,
jaktos kitoe hënteu lëpat,
mamanisna timboel deui,
sanadjan mëntas nangis,
Atjih ngintip ti noe singkoer,
atoh kabina-bina,
Idjroi pon Ritoe deui,
soeka seuri moepoeas ka Iboe Djoeag.

PNRI

194. Lamoen djalma keur pada birahi,
oerang oeiah arek ngahalangan,
koe pĕrkara tjetjek-botjek,
noe djadi honĕng kalboe,
heg ladjoerkeun mangka kaharti,
oelah dipĕgat-pĕgat,
matak bae maboek,
nanarik roewĕd ka oerang,
Djoeag Tati saoerna Djoeragan Naib,
kitoe pikir poen ĕmang.

195. Djoeag Tati ngawalonan manis,
geuninganan tadi saoer ĕmang,
Atjih dek ditjandak bae,
tina kagoengan maksoed,
Atjih sina kenging prijaji,
teu doa ka padagang,
ajeuna bĕt kitoe,
pilahirna beda-beda,
Raden Naib ngawalonan bari seuri,
Djoeag mah koe kitoena.

196. Sapihatoer poen ĕmang noe tadi,
naha Djoeag bĕt make pĕrtjaja,
ĕmang mah ngadodja bae,
hĕnteu lĕrĕs saestoe,
namoeng hajang ningal Djag Tati,
koemaha di adatna,
bilih sakapoengkoer,
moenggoeh pakĕun di ĕmang mah,
ti baheula Djoeag noe lintang tingali,
menak koering teu beda.

197. Asal pada bĕrsih moeloes ati,
nadjan menak toelen balongkotan,
ari bĕlang goreng hate,
rĕsĕp kana saroesoet,
pangadjina taja sadoeit,
mĕnggah lĕbah Atjih mah,
tĕbih kana kitoe,
boedak lĕmpĕng moeloes tekad,
toeroeg-toeroeg gadoeh pangarti saeutik,
bisa noelis djeung matja.

198. Nadjan ĕnja Nji Atjih teh koering,
tapi nilik sapari-polahna,
awewe hade pamake,
aloes hatĕna loeloes,
hade pikeun dipilih rabi,
madĕp mantĕp bakatna,
estoe sĕtya toehoe,
tjatjah ge menak hatĕna,
mangga manah na rek ngarah naon deui,
boedak beunghar koe bagdja.

199. Lamoen sios djeung Atang ngarabi,
estoe poetra teh oentoeng pohara,
sami sarĕng kenging lotre,
pris anoe nomĕr satoe,
sanadjanna Atjih teh miskin,
teu sorot hĕnteu sarat,
amoeng boedak moeloes,
maoenat gĕde daradjat,
kapan eta pangadjina leuwih-leuwih,
ti menak noe ngamenak.

200. Ajeuna mah kantoen Djoeag Tati,
ngamanahan pikĕrsaeun poetra,
poen ĕmang mah pendek bae,
sadaja-daja noehoen,
Djoeag Tati rampohpoj sĕdih,
teu lami toeloej berag,
ĕmang mangga atoeh,
njanggakeun ieu panglamar,
ti poen anak ka Atjih moegi katampi,
Den Soewardi ngadoa.

201. Toeloej pamit kĕrsa kondoer moelih,
tina inggis kantoen koe kareta,
reh parantos liwat lohor,
moeroe noe poekoel tiloe,
barang sĕngek kareta-api,
Djoeag raos ditilar,
komo keur ngadangoe,
kareta-api geus liwat,
kapidara rihdoe dĕndam dĕmĕm diri,
pangatjian ngalajang.

PNRI

202. Teu ngaraos waktoe moerangkalih,
kasoekaan hate tjara poetra,
woewoeh manah ngalokotoj,
ngangrĕs sagoenoeng-goenoeng.
njĕblak ningal Atang djeung Atjih,
waktoe keur pangantenan,
beak nja kajoengjoen,
matak kabita noe ningal,
lajeut pisan ka pagoelingan ka tjai,
roemoentoen saaleutan.

203. Djoeag Tati nangis ngangrĕs sĕdih,
ngadangoekeun sĕrat biantara,
wawangsit ka noe panganten,
eling ka rama-iboe,
toeroeg-toeroeg Raden Soewardi,
Djoeragan Naib tea,
kangĕning kapoengkoer,
piring djati doelang leah,
kembang lajon leungit noe djadi wawangi,
woeroeng teu djadi boeah.

204. Biantara beunang Den Soewardi,
mepelingan nandakeun kamĕlang,
ka baroedak noe geus ngantet,
kaja omongan pantoen,
woengkoel kĕtjap teu djeung katjapi,
djadi saroepa-roepa,
rek moeroek mitoetoer,
nganasehatan ka Atang,
tina beak sarerĕa soeka ati,
boengah taja hinggana.

205. Rehna Atang reudjeung Njai Atjih,
Idjroi djeung Ikah geus narikah,
lain beunang ngarĕrĕpok,
kolot mah ngan djoemoeroeng,
samboeng boengah moegi lastari,
loeloes roentoet teu bantat,
sing asih salbeloet,
ngeunah reungeu ngeunah tingal,
lambat-lamboet pandjang dĕriat sarimbit,
kĕbat gĕde daradjat.

PNRI 6p

206. Eta kitoe panĕda ka Goesti,
Noe Kawasa Noe Moerba Wisesa,
noe moerah ka mahloek kabeh,
sarta sapa'at Rasoel,
noe disĕlir pamoengkas Nabi,
sarta sangĕt nĕnĕda,
ka para loeloehoer,
mŏega loentoer bĕrĕkahna,
ka baroedak anoe geus ngantet ngarabi,
adoeh poma baroedak.

207. Eling-eling koe pikir ilaing,
kabeh woelang anoe mikamĕlang,
djeung bodjo oelah dek bĕndeng,
koedoe sing loeloes roentoet,
laki-rabi sing loeloes-loeis,
oelah gĕtas hareuras,
sok matak teu oeroes,
moen noeroetkeun napsoe kĕras,
djadi waswas sok rĕgas taja kainggis,
leungit ihtiar tiwas.

208. Ka bodjo teh mangka wĕlas asih,
koedoe pisan silih pikaheman,
pasĕmon koedoe sing beres,
oelah koesoet ngoeloewoet,
omong oelah kĕtjoet djeung kĕsit,
koedoe oelat marahmaj,
soepaja toĕmoeloej,
loeloes kana kahadean,
djeung bodjo teh sing malar djadi sarimbit,
di doenja di aherat.

209. Nadjan soegih ĕmas perak doeit,
moen teu roentoet reudjeung pamadjikan,
ngoelajaban bae hate,
loepoet anoe dimaksoed,
moal djadi rahajoe diri,
alamat teu djamoega,
saoemoerna hiroep,
lain tina kabeungharan,
anoe matak djĕmpe hate tiis pikir,
ngan roentoet saaleutan.

PNRI 6p

210. Reudjeung pĕrloe moenggoehing salaki,
mapatahan ka bodjona tea,
adat panata awewe,
dioek nangtoeng loemakoe,
tata-titi mangka kasoerti,
tingkah polah babasan,
sarta tindak-tandoek,
oelah sok tindak ngadadak,
sarta woeroek tataning ngakoe tatami,
sing sareseh soneah.

211. Poma-poma moen kaboeroe sĕngit,
ka bodjo teh moen aja salahna,
anoe teu soeroep djeung hate,
naon noe teu panoedjoe,
pok waktjakeun sina kaharti,
loepoetna pamadjikan,
koedoe leukeun moeroek,
djeung koedoe gĕde hampoera,
reudjeung koedoe woeroek naon anoe wadjib,
parentah hoekoem sara.

212. Ngan sakitoe nja mere pepeling,
hĕnteu pandjang dapon dipilampah,
sanadjan piwoeroek pondok,
lamoenna bisa noengkoes,
meureun djadi rahajoe diri,
karasa mangpa'atna,
Insja Allah loeloes,
saratna ngan oelah moengpang,
ka piwoelang doeh, baroedak masing eling,
kana kaheman sĕpah.

PIHATOER PANOETOEP.

I. Eta kitoe misil Djoeag Tati,
boengkeuleukna napsoe loehoer tintjak,
koe panalar dipapaler,
lampah angkoeh adigoeng,
koe wĕwĕling Raden Soewardi,
malik asih ka poetra,
lĕmoe koe panĕmoe,
tekad barĕng bĕbĕnĕran,
eta djalan ngawĕningkeun ati soelit,
ngadjĕmbarkeun salira.

II. Moegi-moegi dipandang mamanis,
katĕrangan eusina karangan,
koe sadaja anoe ngilo,
reudjeung anoe ngaroengoe,
loentoer karsa ngagalih-galih,
kana toeladanana,
pamoegi dimaphoem,
salam hormat pĕrtawisna,
Bapa Mami katelah loembrah sasari
koe anak anoe tjikal.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka







PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI
Balai Pustaka

